saa du taxaw lu dul ne nit dana romb ci bàmmeelu benn waay naan: aka neexoon ma nekk palaasam

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «saa du taxaw lu dul ne nit dana romb ci bàmmeelu benn waay naan: aka neexoon ma nekk palaasam».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne bis-pénc du taxaw mukk lu dul ne nit dana romb ab bàmmeel di mébet bu deewoon ba nekk palaasam, te sabab sa mooy dafa ragal ci boppam diineem di dem ngir li ag neen ak i ñoñam di not, ba fitna ak moy ak yu bon yi fés.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65022